

**ДÆ АМОНДИ ИДОНÆБÆЛ ФЕДАР КУ НÆ ХУÆЦАЙ, УÆД ДÆ БИЛÆЙ РАСХУАЙДЗÆНÆЙ!..**

***Георг Кристоф ЛИХТЕНБЕРГ (1742-1799), немуцаг ахургонд, философ: «Махæн нæ бон нæй æйййивддзийнæдтæй тæрсун. Сумахæн уæ бон æй уæхе æдасæй æнгъæлун, ци цади бадетæ, уоми, фал уæмæ уордигæй рахезуни нифс ку не 'рцæуа, уæд некæд базондзинайтæ зæнхæбæл ма форд æма денгиз дæр ке ес, уой...»***

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№44 (964) 2024 анзи 23 ноябрь – геуæргобай мæйæ

Аргъ 1 туман

**НОМЕРÆН**



## ÆМА АБОНИ ДÆР СИ КУД НÆ УÆН СÆРУСТУР...

Иннæ анз бæрæг кæндзинан нæ Цитгин Уæлахези цуппаринсæй анзей бæрæгбон. Уой кадæн мах дæр нæ газети рагацау райдæдтан мухур кæнун æрмæгутæ. Абони мухур кæнæн уац Советон Цæдеси Бæгъатæр, инæлар-лейтенант Билаонти Павели туххæй. Уомæн нин фæцæй ахсгиаг рæуагæ дæр – æ райгурдбæл 17 октябри исæнхæст æй фондз æма фондзинсæй анзи (1919-1996).

Райгурдæй 1919 анзи 17 октябри поселок Шимановскийи (нур сахар Амури облæсти) службæгæнæги хæдзари. Ахур кодта Салигæрдæни гъæууон скъолай, уæдта Алагири 1-аг астæуккаг скъолай, 1930 анзæй фæстæмæ ба – Дзæуæгигъæуи 5-аг скъолай. Фарæстæймаг къласи фæсте куста гъæдикустгæнгути фæсевæдон бригади бригадирæй завод «Электроцинк»-и, 1936 анзи фæсаууонмæ каст фæцæй астæуккаг скъола. 1937 анзи бацудæй Орджоникидзей Сурхтурусагин æфсæддон училищемæ. Æ фæууни фæсте (1939 анзи) лейтенант Билаонифурт службæ кæнун райдæдта пулеметон взводи командирæй сахар Ейски. 1940-1941 æнзти ба куста Астрахани фестæгæфсæддон училищей. Устур Фидибæстон тугъди фиццаг мæйити æй рарвистонцæ М.В. Фрунзей номбæл тугъдон академий къурситæмæ. Фидибæсти тугъди архайдта 1942 анзи апърелæй фæстæмæ – Сталинградаг, 2-аг Украинаг фронтти. 1944 анзи 13 сентябри ССР Цæдеси Сæйраг Совети Указмæ гæсгæ ин исаккаг кодтонцæ Советон Цæдеси Бæгъатæри кадгин ном, лæвæрд ин æрцудæй Ленини орден æма майдан «Сугъзæрийнæ Стъалу» (№2279). 1950 анзи каст фæцæй М.В. Фрунзей номбæл Æфсæддон академи, 1961 анзи – Генералон штаби Æфсæддон академи, 1969 анзи ба – еци академий рази Уæлдæр академион къурситæ. 1980 анзæй фæстæмæ инæлар – лейтенант Билаонифурт æ карæмæ гæсгæ службæй уæгъдæгонд æрцудæй. Цардæй Киеви. Рамардæй 1996 анзи 28 майи. Нигæд æй Киеви Лукьяновски æфсæддон уæлмæрдти. Билаони-фурти ном хæссуй гъæунгæ Дигорай, уоми Кади Аллейи æвæрд æй æ бюст.

**НÆ БÆРÆГБÆНТТИ ЗÆРДРОХСДЗИЙНАДÆЙ РÆВДУД УÆД НÆ ДЗИЛЛÆ!..**



## ЗУНД ÆМА НИФС – ЦАРД РÆСТМÆГÆНÆГ ФÆРÆЗНИТÆ!..

Алли бæрæгбон дæр адæми цардæй равзургæ 'й. Цæбæлдæриддæр æнцойнæ кæнуй, етæ 'нцæ адæми уодигъæдæ, зунд, æргъудидзийнадæ, зæрдæргъæвддзийнадæ. Æ бæрæгбон ка куд кæнуй, е дзорæг æй æ культурæбæл, æ турнундзийнæдтæбæл.

Анзи дæргъи нæ адæммæ берæ аллихузон бæрæгбæнттæ фæууй. Уонæн сæ кадгиндæр æма бæркадгиндæртæй æй Уасгергимæ ковæн къуæре Геуæргоба. Фæууй, фæззигон гъæууонхæдзарадон куститæ ку фæуунцæ, адæм сæ будурти, дзæхæрати тиллæг ку бафснайунцæ, сæ фонсæн зумæгеуат ку 'рцæттæ кæнунцæ, ку сæ бабунæтти кæнунцæ, уæд. Гъæууон фæллойнæгæнæг фæууæгъдæдæр уй, æ фудæбон фæмминкъийдæр уй, æма ин фадуат фæууй æ изæдтæ  æма идаугути ном иссерунæн, æ анзи фæллойни кувдтити, киндзæхсæвæрти бадунæн, æ фæллад исуадзунæн. Æма фæззæги бæркæдтæй идзаг фæууй æ фингæ. Еци бæркæдтæй хайгин фæуунцæ сахайрæгти фингитæ дæр. Гъе уомæ гæсгæ Геуæргоба нимад æй бæркадгиндæр бæрæгбонбæл.

Æма аци бæнтти Уасгергибæл нæхе фæдзæхсгæй, нæ кувдтитæ уой фæдбæл æнцæ, цæмæй нæ зæнхæбæл сабурдзийнадæ куд æрфедар уа, адæми 'хсæн хуæрзауодуни, хæлардзийнади æма кæрæдзей нимайундзийнади рахастдзийнæдтæ куд æрфедар уонцæ. Зунд æма нифсæй федар куд уæн, уомæн æма етæ 'нцæ цард рæстмæгæнæг фæрæзнитæ.

Бæрæгбони фæдбæл ма æрмæгутæ кæсетæ 6-7-аг фæрстæбæл дæр.

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2025 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 394 СОМИ 38 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 345 СОМИ 48 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР ИУАРÆГ ПОСТХÆСГУТÆМÆ ДÆР**

***Теодор РУЗВЕЛЬТ (1858-1919), 26-й президент США: «Нам многое дано, и от нас много ожидается. У нас есть обязанности перед другими людьми и перед собой, и ни одной из этих обязанностей мы не вправе пренебречь...» Почему бы нынешним лидерам США не прислушаться к его мудрому изречению и со своими приспешниками перестали бы сеять хаос.***

**ВЛАДИМИР ПУТИН: «МЫ ВСЕГДА ПРЕДПОЧИТАЛИ И СЕЙЧАС ГОТОВЫ РЕШАТЬ ВСЕ СПОРНЫЕ ВОПРОСЫ МИРНЫМИ СРЕДСТВАМИ»**



# ОТВЕТ ВСЕГДА БУДЕТ!

***В четверг, 21 ноября, в 20 часов 10 минут, президент нашей страны сделал заявление в связи с обстрелами Украиной и Западом российских территорий дальнобойными ракетами западного производства. Мы публикуем выступление Владимира ПУТИНА:***

– Хочу проинформировать личный состав Вооруженных сил РФ, граждан страны, наших друзей во всем мире, а также тех, кто продолжает питать иллюзии по поводу возможности нанесения стратегического поражения России, о тех событиях, которые происходят сегодня в зоне проведения специальной военной операции, а именно после применения по нашей территории дальнобойного оружия западного производства.

Продолжая курс на эскалацию спровоцированного Западом конфликта на Украине, США и их союзники по НАТО ранее заявили о том, что дают разрешение на применение своих систем дальнобойного высокоточного оружия по территории Российской Федерации. Экспертам хорошо известно, и российская сторона это неоднократно подчеркивала, что использовать подобное оружие без прямого участия военных специалистов стран-производителей такого оружия невозможно.

19 ноября шестью оперативно-тактическими ракетами ATACMS производства США и 21 ноября в ходе комбинированной ракетной атаки системами Storm Shadow производства Великобритании и HIMARS производства США были нанесены удары по военным объектам в Брянской и Курской областях. С этого момента, как мы неоднократно подчеркивали ранее, спровоцированный Западом региональный конфликт на Украине приобрел элементы глобального характера. Наши системы противовоздушной обороны отражали эти атаки. В результате цели, которые, очевидно, были поставлены перед собой противником, не достигнуты.

Возникшее на складе боеприпасов в Брянской области возгорание от падения обломков ракет ATACMS ликвидировано, жертв и серьезных разрушений нет. В Курской области нападение было совершено на один из командных пунктов нашей группировки «Север». В результате атаки и противовоздушного боя есть, к сожалению, пострадавшие, погибшие и раненые из числа личного состава подразделений внешней охраны объекта и обслуживающего персонала. Командный и оперативный состав пункта управления не пострадал и осуществляет в штатном режиме руководство действиями наших войск по уничтожению и выдворению частей противника из Курской области.

Еще раз хочу особо подчеркнуть, что применение противником подобного оружия не в состоянии повлиять на ход боевых действий в зоне специальной военной операции. Наши войска успешно наступают по всей линии боевого соприкосновения. Все задачи, которые мы перед собой ставим, будут решены.

В ответ на применение американского и британского дальнобойного оружия 21 ноября текущего года Российские вооруженные силы нанесли комбинированный удар по одному из объектов оборонно-промышленного комплекса Украины. В боевых условиях было проведено, в том числе, и испытание одной из новейших российских ракетных систем средней дальности, в данном случае – с баллистической ракетой в безъядерном гиперзвуковом оснащении. Наши ракетчики назвали ее «Орешником». Испытания прошли успешно, цель пуска достигнута. На территории Украины, в городе Днепропетровске, поражен один из крупнейших и известных еще со времен Советского Союза промышленных комплексов, который и сегодня производит ракетную технику, другое вооружение.

Разработка ракет средней и меньшей дальности осуществляется нами в качестве ответной меры на планы США по производству и развертыванию ракет средней и меньшей дальности в Европе и Азиатско-Тихоокеанском регионе. Полагаем, что США совершили ошибку, разрушив в одностороннем порядке в 2019 году под надуманным предлогом Договор о ликвидации ракет средней и меньшей дальности. Сегодня США не только производят такую технику, но, как мы видим, в ходе мероприятий по подготовке своих войск отработали и вопросы переброски в разные регионы мира, в том числе в Европу, своих перспективных ракетных систем. Более того, в ходе учений они проводят тренировки по их применению.

Напомню, Россия добровольно в одностороннем порядке взяла на себя обязательство не развертывать ракеты средней и меньшей дальности до тех пор пока американское оружие подобного рода не появится в каком-либо регионе мира.

Повторю: испытания в боевых условиях ракетной системы «Орешник» проводятся нами в ответ на агрессивные действия стран НАТО в отношении России. Вопрос о дальнейшем развертывании ракет средней и меньшей дальности будет решаться нами в зависимости от действий США и их сателлитов.

Объекты для поражения в ходе дальнейших испытаний наших новейших ракетных комплексов будут определяться нами, исходя из угроз безопасности Российской Федерации. Мы считаем себя вправе применять наше оружие против военных объектов тех стран, которые позволяют применять свое оружие против наших объектов, а в случае эскалации агрессивных действий будем отвечать так же решительно и зеркально. Об этом рекомендую серьезно задуматься и правящим элитам тех стран, которые вынашивают планы использовать против России свои воинские контингенты.

Разумеется, выбирая в случае необходимости и в качестве ответных мер объекты для поражения такими системами, как «Орешник», на территории Украины, мы будем заранее предлагать мирным жителям, а также просить находящихся там граждан дружественных государств покинуть опасные зоны. Будем делать это по гуманитарным соображениям – открыто, публично, без опасения противодействия со стороны противника, также получающего эту информацию.

Почему без опасений? Потому что средства противодействия такому оружию на сегодняшний день не существуют. Ракеты атакуют цели со скоростью 10 Махов – это 2,5–3 километра в секунду. Имеющиеся современные в мире системы противовоздушной обороны и создаваемые американцами системы противоракетной обороны в Европе подобные ракеты не перехватывают, это исключено.

Подчеркну еще раз, что не Россия, а именно США разрушили систему международной безопасности и, продолжая бороться, цепляться за свою гегемонию, толкают весь мир к глобальному конфликту.

Мы всегда предпочитали и сейчас готовы решать все спорные вопросы мирными средствами. Но готовы также и к любому развитию событий. Если в этом кто-то еще сомневается, то напрасно – ответ всегда будет.

**АКТУАЛЬНО**

## МЕНЯЮТ СУТЬ КОНФЛИКТА

**Кремль: Разрешение США бить по России будет означать новый виток напряженности**

Позиция Москвы в отношении разрешения Украине бить вглубь России ракетами ATACMS уже была предельно четко сформулирована президентом РФ Владимиром Путиным. Об этом журналистам заявил пресс-секретарь президента Дмитрий Песков, комментируя соответствующие публикации в американских СМИ. При этом он подчеркнул, что пока нет официального подтверждения этой информации.

«Мы обратили внимание на соответствующие публикации, где без ссылок на официальные источники содержится упомянутая вами информация», – сказал представитель Кремля, отвечая на вопросы журналистов. «Здесь позиция нашего президента была предельно четко и недвусмысленно сформулирована в Санкт-Петербурге, когда он там был и выступал на Культурном форуме. Там все сказано предельно четко», – добавил Песков. Напомним, что, отвечая на вопросы 12 сентября, Владимир Путин заявил, что если Киеву дадут подобное разрешение, то это будет означать, что страны Запада и НАТО воюют с Россией, напрямую участвуют в конфликте. «Если это решение (об ударах дальнобойным оружием. – Прим. «РГ») будет принято, это будет означать не что иное, как прямое участие стран НАТО, Соединенных Штатов, европейских стран в войне на Украине. Это их прямое участие, и это уже, конечно, существенным образом меняет саму суть, саму природу конфликта», – сказал тогда президент РФ. «Это будет означать, что страны НАТО, США, европейские страны воюют с Россией. А если это так, то, имея в виду изменение самой сути этого конфликта, мы будем принимать соответствующие решения, исходя из тех угроз, которые нам будут создаваться», – продолжил тогда Владимир Путин.

Дмитрий Песков отметил, что если такое решение действительно было сформулировано и доведено до киевского режима, то это будет означать качественно новый виток напряженности. «И качественно новую ситуацию с точки зрения вовлеченности США в этот конфликт. Мы исходим из этого», – подчеркнул пресс-секретарь президента. По его словам, позиция РФ и сигналы, которые были обозначены в словах Владимира Путина, «считаны коллективным Западом и там знают позицию Москвы».

***«Российская газета. Неделя»
20-26 ноября 2024 г.***

**СТАНЬ ЗАЩИТНИКОМ ОТЕЧЕСТВА!..**




**) День ракетных войск и артиллерии отмечается 19 ноября. Официально отмечается с 1944 года и до 1964 года именовался как День артиллерии.**



# БÆРЗОНД ХУÆРЗЕУГУТÆ – БЕРÆСУВÆЛЛОНГИН МАДТÆЛТÆН

Цæгат Иристони Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** Хецауади хæдзари ци фембæлд исаразта, уоми зæрдиаг арфитæ ракодта, «Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Мадæ-бæгъатæр»-и кадгин ном кæмæн исаккаг кодтонцæ, еци силгоймæгтæн. Фембæлд арæзт æрцудæй Мади бони кадæн (куд зонæн, уотемæй еци бæрæгбон Уæрæсей фæууй ноябри фæстаг хуцаубони).

Фембæлди архайгутæн арфæ ракæнгæй, региони Сæргълæууæг куд фæннисан кодта, уотемæй республики разамунд идарддæр дæр берæвæрсуг мадзæлттæ араздзæнæй, цæмæй ирæзгæ фæлтæри аккаг гъомбæладæ æма ахурадæн хуарз фадуæттæ уа, цæмæй алли ниййерæг дæр æ цардæй арфæгонд уа.

– Мадæ ун æнцон нæй, еци æууæл силгоймагæй домуй берæ хъаурæ æма уодуæлдайдзийнадæ. Уой хæццæ, е æцæг амонд æй – æхсæнадæн аккаг граждании исгъомбæл кæнун. Мади бæрæгбони хуарзæнхæ уæ уæд, – загъта Сергей Меняйло.

Цæгат Иристони Сæргълæууæги Указæй «Мадæ-бæгъатæр»-и кадгин ном лæвæрд æрцудæй:

**Бойко Галинæ Василийи кизгæн** (гъомбæл кæнуй 12 сувæллони),

**Гегкити Фатимæ Цæликки кизгæн** (гъомбæл кæнуй 8 сувæллони),

**Чернега Иринæ Владимири кизгæн** (гъомбæл кæнуй 7 сувæллони),

**Цоцити Майæ Гочæйи кизгæн** (гъомбæл кæнуй 10 сувæллони).

Куд зонæн, уотемæй кадгин ном «Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Мадæ-бæгъатæр» лæвæрд цæуй, 7 æма уомæй фулдæр сувæллони ка исгъомбæл кодта (кенæ кæнуй) еци мадтæлтæн. Абони уæнгæ уæхæн кадгин ном лæвæрд æрцудæй 56 цæгатиристойнаг силгоймагемæн.

*Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæги æма Хецауади пресс-службæ*

**БÆРÆГБОНИ АРФИТÆ**



## «МАДÆ УН УÆЛДАЙ АГЪАЗИАУ БÆРНОНДЗИЙНАДÆ ÆМА ÆГÆРОН ХЪАЗАУАТ ÆЙ!..»

***Зундгонд куд æй, уотемæй Уæрæсей геуæргобай фæстаг хуцаубони алли анз дæр бæрæггонд фæццæуй нæ дзиллæн тæккæ æхцæуæндæр бæрæгбон – Мади Бон. Уой фæдбæл Цæгат Иристони мадтæлтæн зæрдиагæй райарфæ кодта нæ республики Парламенти Сæрдар ТУСКЪАТИ Тайморазъ.***

* * *

Фæззæги ци зæрдæбæлдарæн бæнттæ фæббæрæг кæнæн, уонæн сæ тæккæ цитгийнагдæр æй Мади Бон – дуйнетæбæл нин зæрдтагонæй-зæрдтагондæр ка 'й, адæймаг æ царди цийни дæр æма зин уавæри дæр, фиццагидæр, ке ном иской кæнуй æма ке байагоруй, æ еци ниййæрæги бæрæгбон. Æма 'й уомæ гæсгæ ба бæрæг кæнунцæ, сæ мадтæлтæ цардæгас кæмæн æнцæ, айдагъ етæ нæ, фал си æносон дуйнемæ ка бацудæй, сауæнгæ уони цæуæт дæр.

Мадæ ун уæлдай агъазиау бæрнондзийнадæ æма æгæрон хъазауат æй. Алли бийнонти цард дæр æнцойнæ кæнуй мади уарзондзийнадæбæл, æ характ, æ ауодундзийнадæ æма курухондзийнадæбæл. Мадæ æ сувæллони зæрди сабийбонтæй фæстæмæ игурун кæнуй æ адæми уодварни табудзийнадæ æма æгъдæуттæ нимайундзийнадæ, Фидибæстæбæл æновуддзийнадæ.

Аци анз Уæрæсей нимад æй бийнонти Анзбæл. Е ахсгиаг гъуддаг æй, æма ма нин нин еума хатт нæ зæрдæбæл лæуун кæнуй мади цитгиндзийнадæ, е бундор гъæуайгæнæг ке æй, æ фарнæй бийнонти цард гъомусгиндæр ке кæнуй, уой. Мадæ æ цард нивондæн æрхæссуй цæуæтæн, аккаг адæймæгутæ си исгъомбæл кæнунæн – уомæй берæ аразгæ 'й республики æма æнæгъæнæй нæ бæсти исонибон. Мах нæ сæртæй ниллæг ковæн, Фидибæстæ гъæуайгæнгути, берæсувæллонгин бийнонти æма седзæрти гъомбæл кæнуни ихæс æхемæ ка райста, еци мадтæлтæн.

Иристони цитгин мадтæлтæ! Уæ рæсугъд бæрæгбони фæдбæл уин хъæбæр зæрдиагæй арфæ кæнун, мæ зæрдæ уин зæгъуй федар æнæнездзийнадæ, зæрдрохсдзийнадæ, фарнæй æнхæст бæнттæ! Уæ цардæй арази, уæ кæстæрти амонд æма æнтæстдзийнадтæй еудадзугдæр зæрдрохс æма сæрбæрзонд куд уайтæ!

**МАДИ ЗÆРДÆ ФÆЛМÆН ÆЙ, УОМÆЙ ИН ÆМБАЛ НÆЙЙЕС...**

**ЧЕРЧЕСТИ Хъæсболат**

# МАДИ ФÆДЗÆХСТ

**Радзурд**

Уалдзигон сæумæ. Хори фиццаг тунтæ мин цидæр æхцæуæндзийнадæ уадзунцæ ме 'уæнгти. Идардæй мæмæ думгæ æскъæфуй нæуæгконд дзоли адгин тæф.

Кæсун нæ уорссæр æносон хуæнхтæмæ. Уæлæ айнæг къæдзæхи дæллаг фарсæй ци толдзæ бæласæ зиннуй, уомæ бабæй никки æдзинæгдæр кæсун. Уоми иронхуати байзадæй мæ царди рæсугъддæр уалдзæг. Æхсæрдæсанздзудæй рафтудтæн уордæмæ. Нæ уæриккитæ си хизтон. Бонсауизæрмæ еуæрдæмæ, уæдта иннердæмæ тезгъо кодтон цъæх кæрдæгбæл. Мæ зармæ мин æгомуг къæдзæхтæ фæрсаг кодтонцæ. Цæргæс фæссабурдæр кодта æ тæхун, дон – æ цуд. Æригъуста мæмæ æрдзæ еугурæйдæр.

Еухатт ба лискъæфдзауæни адтæн. Æрбадтæн, уалæ думгæ æ рæсугъд къæбæзтæ кæмæн æзмæлун кæнуй, еци бæласи буни. Уагътон мæ фæллад. Мæргъти гъæлæстæ мин мæ реуи игурун кодтонцæ циуавæрдæр æбæрæг бæллецтæ. Мæхуæдæг дæр æй нæ баладæрдтæн, куд райгъустæй мæ цийни зар... Фал... Фал мæ зар фескъудæй æрдæгбæл. Мæ цæститæй рауидтон, сауæдони билæбæл ци деденæг ирæзтæй, уой. Зарунмæ нæбал, фал дзорунмæ дæр нæбал исарæхстæн. Мæ реуи цирагъи хузæн иссугъдæнцæ æбæрæг бæллецтæ.

Уæд фиццаг хатт баладæрдтæн рæсугъддзийнади тухæ, уарзондзийнади адæ. Уæдæй нуриуæнгæ мæ æлвасуй е æхемæ. Аци райдзаст бони дæр бабæй мæ цæститæбæл уайуй е 'ртæхдзæстæ цæсгон. Тæрсун, мæ зæрди тæгтæбæл ци æрхæндæг цирæгътæ содзунцæ, уонæн рахуссунæй. Мæ зæрдæ дзоруй мæ мадæмæ дæр. Æхсæвæй-бонмæ имæ синхи уоститæ бадгæ кæнунцæ, тухст сæйгæ 'й. Фал мæмæ уæддæр еци рæсугъд деденæги цæститæ седунцæ сæхемæ.

Гъо, æма бабæй гъæуама аци сæумæ фæццæуон æ размæ.

... Байгон кодтон, мæ мадæ ци уати хуссуй, уой дуар. Бацудтæн арæхстгай æ размæ. Æ росбæл ци арф нос ес, убæл цæстисуги 'ртæх æруадæй æма бази уорс цъæрæбæл рафæд кодта. Фарсбæл ауигъд



ДЗИУАТИ Батрази конд хузæ «Сæрдæ».

зæронд сахатти цъæхснаг æзгули ихалуй уати æгуппæгдзийнадæ. Уотæ мæмæ кæсуй, цума сахаттæн æ алли цъинк дæр мæ мади зæрди цæф æй.

Нæ бафеппайдта мæ мадæ, æ разæй куд рацудтæн, уой. Нæ фæууидта, æ гъæццоли сæрæй куд æрхаудтæнцæ мæ цæстисугтæ, уой дæр. Нæуæгæй бабæй февзурдæй мæ цæститæ рази еци деденæги рохс цæсгон. Ехх, цæйбæрцæ тухæ дæмæ ес, рæсугъддзийнадæ?!. Адæймагæн æ мæтæ, æ сагъæстæ фæссорис. Æрцæрун кæнис лæги зæрди арви цъæх.

Мæнæ исхъæрттæн, минкъий думгæй дæр кæмæн тарстæн, еци деденæгмæ. Нæбал имæ æфсæдун кæсунæй. Еуæйеу хатт искæсун хуæнхти 'рдæмæ æма гъæрæй исдзорун: «Ехх, хуæнхтæ, куд фæразетæ, уотæ æгуппæгæй кæсун аци деденæгæн рæсугъддзийнадæмæ? Куд нæ базмæлун кæнетæ уæ фæтæн усхъитæ, куд нæ ракафетæ æ алливарс, Нарти гуппурсарти хузæн, сæрустур æма медбилти ходгæй?»

Нæбал кæсуй зæрдæ мæ коммæ. Æрæвналдтон зир-зиргæнагæ къохтæй æрдзи хъæболæмæ. Æртудтон, бонæ мæбæл анз ке тухxæй кодта, еци цардæфсес деденæги. Æрхастон æй зæлдагæ къохмæрзæни тухтæй нæхемæ. Равардтон æй мæ мади фæлмæн къохтæмæ. Амондгун худтон мæхе. Æцæг ибæл нæ бацийнæ кодта мæ мадæ, нæ фæррохс æй æ фæлорс цæсгон дæр. Æрхаудтæй деденæг æ къохтæй.

Цидæр æнахур рист искодта мæ зæрдæ. Уалдзигон бон мæмæ фæккастæй уазал фæззигон æнкъард бони хузæн. Арв цума еугурæйдæр сау мегъти буни фæцæй, æма хори тунтæн сæ бон нæбал æй ракæсун. Уатæй мæмæ райгъустæй мæ мади фæсос гъæлæс: «Биццеу, рацæуай мæ размæ, гъæуис мæ!..» Еци дзурдтæ мин никкидæр базмæлун кодтонцæ мæ зæрдæ. Нирристæн къæхти бунæй сæрмæ. Мæ кæун исхъæрттæй мæ хъури уæнгæ. Фæндæ мæ адтæй гъæрæй никкæун. Фал мæ цæститæбæл рауадæнцæ мæ фиди фæстаг дзурдтæ, тугъдмæ ранæхстæр уни размæ. Е мин фæдзахста: «Биццеу, макæд сорæ дæ маст цæстисугæй!» Мæхе фæффедар кодтон. Бацудтæн уæззау къахдзæфтæй мæ мади размæ. Разилдта æ фæлорс цæститæ мæнердæмæ. Фæсос гъæлæсæй райдæдта дзорун: «Биццеу, ду кастæ деденæгæн æ рæсугъддзийнадæмæ, фал имæ раздæр басмотун гъудæй». Никкидæр ма мин цидæр фæдзæхсунмæ гъавта, фал сæ æ бон нæбал бацæй зæгъун. Нæбал райгъустæй æ фæсос уолæфт дæр. Æ листæг къох ауигъдæй райзадæй хуссæнæй гъоли 'хсæн. Нæбал баладæрдтæн, куд мæ исистонцæ синхи уоститæ мæ мади уазал гъæбесæй. Рахудтонцæ мæ тургъæмæ.

Лæуун, нæ тургъи астæу ци устур æнгозæ бæласæ ес, уой буни. Кæнуй листæг сæлфунæг. Кæуй уалдзигон арв. Ставд цæстисугтæ калуй, ци бæласи буни лæуун, е дæр.

Тургъæ адæмæй байдзаг æй. Цæунцæ адæм. Лæгтæ, уоститæ, зонгитæ. Фæйнердæмæ тонуй нæ тургъæ.

– Рохсаг уæд...

Мæ зæрди иннердæмæ бахизтæнцæ содзгæ дууæ дзурди. Мæ гъостæбæл уадæнцæ мæ мади фæстаг дзурдтæ: «Биццеу, ду кастæ деденæгæн æ рæсугъддзийнадæмæ, фал имæ раздæр басмотун гъудæй!..»

**) Силгоймæгти нихмæ тухмиуæдзийнадæ искунæг кæнуни фæдбæл тохи Æхсæндуйнеуон бон бæрæггонд фæццæуй 25 ноябри. Абони дуйней силгоймæгти 35% æфхуæрд цæунцæ аллихузон тухмиутæй.**

***Уæрæсей 27 ноябри бæрæггонд цæудзæнæй денгизон фестæгæфсади Бон. Кæд нерæнгæ ма æригон бæрæгбонбæл нимад цæуй (нисангонд æрцудæй 1995 анзи 19 декабри), уæддæр æ анзфинст ба бустæги рагон æй – 1705 анзи 16 (27) ноябри паддзах Петр I рауагъта Указ Уæрæсей «денгизон æфсæддонти» фиццаг полк исаразуни туххæй. Аци бæрæгбон уæлдай цитгийнаг æй махмæ Цæгат Иристони дæр.***



БИЛАОНТИ Павел Устур Фидибæстон тугъди архайгути хæццæ.

# ÆМА АБОНИ ДÆР СИ КУД НÆ УÆН СÆРУСТУР...

Æфсæддон ахурти «тугъд» æ тæккæ карзи бацудæй... Нихмæлæууæг «знагæн» донардæг ци хæйттæ адтæй, етæ саст æрцудæнцæ, нур ба гъудæй донуордæг ма ин ци хæйттæ адтæй, уони дæр æрсæттун. Æма кутемæй? Разæй – урух æма арф цæугæдон, æ сæрти байервæзунæн ба гъæугæ фæрæзнитæ ку неци ес...

Уой нимайгæй, еци ахуртæмæ цæстдаргутæ – етæ ба адтæнцæ Советон Цæдеси Маршæлтæ, игъустгонд æфсæддон специалисттæ, Советон Æфсади номдзуддæр архайгутæ – уой уингæй уотæ æнгъæл адтæнцæ, æма нерæнгæ бал ка уæлахез кодта, уони размæмпурст уоййасæбæл фæггуз уодзæнæй. Фал уæддæр кастæнцæ æма хизтонцæ, идарддæр ци уодзæнæй, зæгъгæ.

Æма дæлæ – дессаг!.. Размæ ци танкитæ æмпурстонцæ, етæ сæ цуд нæ фæннидæндæр кæнгæй, кæрзурдуг фарсбæл ниммедæг æнцæ билгæронмæ, æма дин еу танк ку бацæуидæ дони, æ фæсте иннæ танк, иннæ... Уотемæй танкити æнæгъæнæ дивизи фæддæлдон æнцæ... Уæди уæнгæ ка некæдма ’рцудæй, еци хабар ка уидта, етæ ниссах æнцæ, еци тухстхузæй, хизтонцæ идарддæр ци уодзæнæй, уой...

Уогæ еци æфсæддонти ’хсæн еу си æхе уотæ дардта, цума, уоййасæбæл дессагæй неци æрцудæй. Е адтæй танкон дивизий командир инæлар-майор Билаонти Павел. Кæд æхе æдухстæй æвдиста, уæддæр æ уод ба... «Ма мæ фæффудевгед кæнетæ, мæ сахъигурдтæ! Байархайетæ!.. Исарæхсетæ!..» – раст цума ин æ аци фæдзæхститæ еци танкити бадæг æфсæддонтæ фегъустайуонцæ, уой хузæн си æ меднимæр курдта...

Цанæбæрæг рæстæг рацудайдæ, уотемæй дин, цæстдарæн пункти ка адтæй, уонæй кадæр ку нигъгъæр кæнидæ:

– Уæртæ исзиндтæй!..

Æцæгæйдæр, донуордæги билгæронмæ хæстæг донæй фæдфæди зиннун байдæдтонцæ танкитæ. Ку фæууæлбилæ ’нцæ, уæдта еци-еу æмпурст ракодтонцæ размæ...

Уой рауингæй, еугурæйдæр, сæ фиццæгтæ нæ бæсти гъæуайкæнуйнади министради разамунд, хъæбæр зæрдиагæй арфитæ кодтонцæ Билаонти Павелæн, æгайтима ин дессаги агъазиау æргъудидзийнадæ уоййасæбæл æнтæстгинæй исæнхæст кæнун бантæстæй. Билаони-фуртæн е æхцæуæн куд нæ адтайдæ, фал æ цийнæдзийнадæй тухгиндæр разиндтæнцæ имисуйнæгтæ, тугъди цаутæ æма хабæртти фæдбæл.

Æримиста, 1944 анзи мартъий цæугæдон Днестри сæрти бахезуни фæдбæл знаги нихмæ ци карз тугъди архайун багъудæй, уой.

Билаони-фурти æхсæг полк ами равдиста устур лæгдзийнадæ, бæгъатæрæй исæнхæст кодта æ размæ æвæрд ихæстæ. Уой туххæй æфсæддон разамунд аккагбæл банимадтонцæ, цæмæй Билаонти Павелæн Советон Цæдеси Бæгъатæри ном раттонцæ, уой фæдбæл сæ курдиади финстонцæ: «1944 анзи 24 мартъий æхсæвигон гвардий майор Билаонти Павел Семени фурти полк фиццаг бахизтæй Днестри сæрти æма Липкини райони байахæста ахсгиаг плацдарм. Æхсæвæй-бонмæ си ци мæлæтдзаг тугъд фæццудæй, уоми полкки æфсæдтæ ниддæрæн кодтонцæ фудголи батальон 400 æфсæддонæй хæццæ, уацари райстонцæ 150 немуцаги, байстонцæ æртæ танки æма 150 бæхи, ниппурхæ кодтонцæ 60 хуæдтолги æд тохæндзаумæуттæ. Уотемæй ба Билаони-фурти полккæй еу лæг дæр нæ фæгъгъудæй, тугъдон техникæй дæр неци фесавдæй...»

Уæлахез къохи ке бафтудæй, е бæрæг адтæй, фал уæдмæ знаг æ кеми æрцудæй, æ хъауритæ нæуæгæй æрæмбурд кодта. Цæугæдон Днестри нигулæн хаййи тæссаг уавæр исæвзурдæй.

– Гъæуй æндиудæй, арæхстгинæй æма æнæнгъæлти архайун, – загъта æфсади инæдар-лейтенант Ф.Ф. Жмиаченко. – Билаонти Павел æй дæсни командир, æз ибæл æууæндун æма ин ихæс кæнун æфсæддон хæйттæй разамунд дæттун.

Уавæр ба, æцæгæйдæр, уоййасæбæл хумæтæг нæ адтæй. Махонтæ ке фæссорæги кодтонцæ, еци знаги бон уоййасæбæл нецибал исуодзæнæй, зæгъгæ, гъуди кæнун æгириддæр раст нæ адтайдæ. Алкæддæр фуддæрмæ æнгъæл кæсун фæгъгъæуй. Уомæн æма къæппæги ка бахауй, етæ, ка сæбæл æртумбул уй, уонæбæл фæууæлахез уа, уæхæн цаутæ тугъди историй кæд ахид нæ, уæддæр ес.

– Знаг махмæ цæмæ æнгъæлмæ кæсуй? – бафарста æ командирти Билаонти Павел æма æхуæдæг дзуапп равардта. – Гъо, е уотæ æнгъæлуй, æма мах си нæхе гъæуай кæндзинан. Мах ба æндæр хузи бакæндзинан: размæ æмпурсдзинан, æнæмæнгæ айдагъдæр размæ!

Карз нимпурститæ исаразгæй Билаонти Павели æфсæддонтæ ниддæрæн кодтонцæ знаги дууæ фестæг æфсæддон полкки, артиллерион дивизион, зенитон полк, уацари райстонцæ 800 немуцаг æфсæддони æма афицери. Уомæй уæлдай æргæлстонцæ знаги аст хуæдтæхæги, райстонцæ берæ аллихузон трофейтæ...

Уæд полккæн ци уæлахез бантæстæй, е син цийнаг куд нæ адтайдæ, фал Билаони-фурти ба ма сагъæсти дæр бафтудта. Фæстугъд дæр æй етæ æнцад нæ уагътонцæ.

– Еци тугъди рæстæг нин фадуат ку фæцайдæ танкитæ уайтæккæ донуордæг фæккæнунæн, уæд, баууæндетæ, уæхæн уæззау уавæри нæ бахаудтайанæ, – арф ниууолæфгæй дзоридæ Павел. – Фал уæд уæхæн равгитæ нæма адтæй...

Æма уæхæн равгитæ кутемæй исаразæн ес, уобæл еудадзуг сагъæс кодта. Æ тугъдон фæлтæрддзийнадæй æй зудта, цæугæдæнтти сæрти бахезгæй фестæг æфсæдти знаги нихмæ тох кæнун багъæуидæ æнæ танкитæй, сæ агъаз ба сæ хъæбæрæй-хъæбæрдæр бæргæ гъæуидæ. Ци исарæзтæуа, цæмæй танкитæ æма фестæг æфсад еумæ архайгæй, цит, бахезонцæ цæугæдæнтти сæрти? Еци фарста æ сагъæстæй нæ цох кодта тугъди рæстæг дæр æма уой фæсте дæр. Уæлдайдæр ба тугъди фæсте, уомæн æма уæд нæ бæсти Гæрзефтонг Тухти разамунди размæ æвæрд æрцудæй евгъуд тугъди берæвæрсуг фæлтæрддзийнадæй советон æфсæдти цæттæкæнуйнади гъуддаги æнхæстæй испайда кæнуни ихæс. Æма еци гъуддаги ахсгиагдæр фарстатæй ба еу адтæй дони цæлхдорти сæрти хезун. Уобæл сагъæс кæнгæй Билаони-фурт рагъуди кодта: «Æма нур дони сæрти нæ, фал цæугæдони бунти цæугæй ба?..» Æ еци гъудий фæдбæл аразун байдæдта фæлварæнтæ. Уалинмæ къохи æфтуйун байдæдтонцæ фиццаг æнтæстдзийнæдтæ дæр. Дони бунти еу билгæронæй иннемæй бацудæй еу танкон экипаж, уой фæсте ба взвод, ротæ...

Билаони-фурт аци фарстай фæдбæл радзубанди кæнидæ наукон æмбурдти, бæлвурд дæнцитæй æууæндун кодта еци æргъудидзийнади уæлахездзийнадæбæл.

Цидæр адтæй, уæддæр гъуддаг кæмæй аразгæ адтæй, уони исарази кодта, цæмæй нæуæгдзийнадæ бавзаронцæ сæрмагонд æфсæддон ахурти. Æма мæнæ хатдзæг: æнтæстдзийнадæ.

Уæхæн хабæрттæй ма берæ хæттити фескъуæлхтæй нæ номдзуд æмзæнхон, Советон Цæдеси Бæгъатæр, инæлар-майор Билаонти Семени фурт Павел.

Æфсæддон дæсниадæ Павел хумæтæги нæ равзурста. Æ царди идарддæри над равзаруни рæстæг ибæл ку ралæудтæй, уæд æй берæ расагъæс-басагъæс кæнун нæ багъудæй – уæдмæ æ хестæр æнсувæр Вадим ахур кодта Дзæуæгигъæуи Сурхтурусагин фестæгæфсæддон училищей. «Хъæбæрмæ исразæнгард кодта Вадим еци дæсниадæ ке разурста, е», – имиста уой фæсте Павел. Æма 1937 анзи иссæй еци училищей курсант. Ке хæццæ ахур кодта, уæдта æ ахургæнгутæй æй беретæ æримисиуонцæ æхсицгонæй – бæрзонд, саухелæ иуонггин лæхъуæн ахури адтæй сæрæн, берæ гъуддæгути æхе фæнзуйнагæй æвдиста. Æма ин бантæстæй училище æнтæстгинæй каст фæуун. Гъе уотемæй райдæдта е ’фсæддон ирисхъи дæргъвæтийнæ над. Берæ æма агъазиау цаутæ æма хабæрттæй æ тæккæ идзаг над. Етæ еугурæйдæр бæргæ цæмæдесаг æнцæ, бæлвурдæй сæбæл æрдзоруни аккаг бæргæ ’нцæ, фал газети гæнæнтæмæ гæсгæ нин аци æрмæги уæхæн равгæ нæййес. Фал си уæддæр кæцидæрти ба æримисдзинан.

Æфсæддон училище каст фæууни фæсте лейтенант Билаони-фурт службæ кодта Ейски æфсæддон училищей, 1940-1941 æнзти ба Астрахани фестæгæфсæддон училищей. Тугъди фиццаг мæйити æй рарвистонцæ М.В. Фрунзей номбæл тугъдон академий къурситæмæ.

Билаонти Павел 1942 анзи апърели бахаудтæй фронтмæ, хестæр лейтенантæй. Адтæй Хонсар Нигулæн фронти танкити нихмæ тохæг артиллерион бригади штаби хецауи хуæдæййевæг, архайдта Харькови рæбун тугъдтити, Валуйки рæбун фашистон танкитæн æфсæдти æнæнцайгæ размæмпурстæн нихкъуæрд раттуни уæззау тугъдтити. Ами фæццæф æй, фал тугъди будурæй нæ рацудæй.

Билаони-фурт 1942 анзи кæрони архайдта Сталингради рæбун тугъдтити. Ами æркæсун кодта æхемæ æ хестæр æфсæддон разамонгути дæр æма æ тугъдонти дæр æ лæгдзийнади фæрци. Хутортæ Старокистский æма Коряжинскийи бунмæ фашистти сæ федаргонд бунæттæй фæссоруни тугъдтити рæстæг адтæй 293-аг фестæг дивизий штаби хецауи хуæдæййевæг уогæй, равдиста устур арæхстдзийнадæ æма бæгъатæрдзийнадæ, размæмпурсгути рæнгъити реуæмбæрцæ лæгæрдгæй. Платонови, Голубиновски, Уæллаг Бузиновки райони, капитан Билаони-фурти разамундæй танкон десант адтæй фиццæгти хæццæ æма æрæхгæдта агъазиау фашистон æфсадбæл æнæбасæтгæ цæг. Æ десант ниййахæста знаги 300 æфсæддонти æма афицери, ниддæрæн кодта 17



БИЛАОНТИ Павел (рахесæрдигæй фиццаг) æфсæддон ахурти рæстæг.

***Устур Фидибæстон тугъди рæстæг денгизон фестæгæфсæддонти батальон, сæ сæргъи капитан-лейтенант Цæллагти Пантелей, уотемæй æхсаргинæй фескъуæлхтæнцæ нæ республики зæнхæй немуцаг-фашистон æрбалæборгути фæссоруни тугъдтити. Сæ кадæн абони цалдæр рауæнеми æвæрд ес намуси циртдзæвæнтæ, еудадзугдæр син нæ дзиллæ цитгин мадзæлттæй æримисунцæ сæ рохс нæмттæ.***



дзармадзани, 60 хуæдтолги, уацари райста 1200 гитлерон тугъдони æма афицери бæрцæ.

Билаонти Павел 1942 анзи 8 декабри æвæрд æрцудæй Дони фронти 1036-аг фестæг полкки штаби хецауæй, цалдæр бони ба командæ кодта полккæн «Фондз обауебæл» тохи, байахæста хонсар æма хонсар-искæсæйнаг бæрзæндтæ. Æртæ боней дæргъи полк нихкъуæрд лæвардта гитлеронти тухгин æрлæбурдтитæн. Павел æхуæдæг æрæвардта тæккæ хуæздæр бунæтти танкити нихмæ фæрæзнитæ æма æхуæдæг аразта артиллерий æхст.

Зæрдæскъунæг æскъотти хæццæ гитлеронти æхсæзхæтæлгин миноменттæ «дорадзагъд» исаразтонцæ дивизий хæйттæбæл. Бæрзондæй æхстонцæ æрдæгмæ зæнхи нигæд фашистон танкити. Ахæстдони бахауæгау, полктæн сæ тухæ басастæй, нæбал син адтæй разамунддæттæг. Мадта командиртæ дæр минкъийæй-минкъийдæр кодтонцæ...

Тæккæ тухстдæр æма тæссагдæр сахатти æртиндæс æхсист федар æнæуинон уæйуги æмпурстонцæ размæ. Махонти лæмæгъ рæнгъитæ ку фæккунæг æнцæ, раст еци сахатти сæ размæ фегурдæй полкки командир Билаонифурт æма нигъгъæр ласта:

– Еу ампъез дæр фæстæмæ нæ!.. Бæгъатæр командири нифс, арвигъæрау гъæлæс, æндиуд архайд нæ тугъдонти бауорæдтонцæ æма зæнхæбæл нихъхъан æнцæ. Æхуæдæг бабурдæй танкитæхсæн дзармадзанмæ æма фиццаг æхстæй иссугъта раззаг танк.

Тагъдгомау, раст фæткæ райвæргæй, штаби хецау батальон ракодта размæ знаги нихмæ нимпурстмæ. Уой размæ фæстæмæ ка фæлледзæги æй, еци дууæ батальони сæ раздæри бунæттæмæ раздахтæнцæ. Уотæ бакодтонцæ артиллеристтæ дæр. Билаонифурт æхуæдæг ба нихъхъан æй ставдхæтæлгин пулеметбæл.

Афанасий Емельянови разамундæй артиллеристтæ цурдгомау æрлæудтæнцæ размæмпурсæг знаги баурамунбæл, фæстæмæ ’й фæлледзæги кæнунбæл æма æ раздахунбæл, нæ фестæг тугъдонтæбæл знаги ’рдигæй цæф мабал æруадзунбæл архайгæй. Тухгин гур-гури хæццæ размæ ралæгарстонцæ сурхстъалугин танкитæ. Сæ фæдбæл тугъди цæхæрмæ сæхе гæлстонцæ фестæг æфсæддонти къуæрттæ. Знаг фæккиудтæй, фæстæмæ рахуæстæй. Бæрзæндтæ байахæссун сæ къохи нæ бафтудæнцæ.

Тугъд рахецæн æй. Зин æма немуцæн ходуйнаг къæппæги дæрæн си фæгъгъæун кодта æхсæз дзармадзани, аст миномети, фæммард си æй сæдæ æфсæддони æма афицерæй фулдæр.

Еци тохи полкки командир Билаони-фурт уæззау цæф фæцæй. Æ лæгдзийнади туххæй Афанасий Емельяновæн исаккаг кодтонцæ Сурх Стъалуй орден, Билаонти Павелæн ба – Сурх Турусай орден.

Куд гъæуама нæ адтайдæ кадгин уæхæн сахъигурд, ка ’й зудта, уони цæсти! Мæнæ си ци зæгъуй 193-аг гвардион полкки комсорг Мансур Абдулин: «Алли æфсæддони дæр баруагæс уи уæд, фæндуй æ командири уставон уарзтæй нæ, фал æхе уарзтæй уарзун, сæрустур си ун. Аци гъуддаги ба устур бунат ахæссунцæ æндаг бакаст дæр, уæледарæс, гъæлæсиуагæ дæр, æцæг адæймаги хузæн зæрдæмæдзæугæ ун. Рæсугъд командир ма нифсгун æма арæхстгин ку уа, уæд æ фæдбæл тугъдонтæ, фæстæмæ дæр нæ фæккæсгæй, цийфæнди арти цæхæри дæр исмедæг уодзæнæнцæ. Полкки рагæй ка адтæй, етæ, нæ сталинградæгтæ, сæ зæрдæбæл дардтонцæ æма нæмæ нæуæг æрбафтуйæггæгтæн дзурдтонцæ тæккæ тæссагдæр рауæн синхаг полкки тугъдонти размæ куд равзурстæй æма нæ батальонти фæстæмæцуд куд бауорæдта, «Фондз обауи», зæгъгæ, ке худтонцæ, еци рауæни тугъди туххæй. Билаони-фурт æй, зæгъæн дæр кæмæн нæййес, уæхæн бæгъатæр. Фæстæмæ рахуæцун нецихузи бакомдзæнæй! Æ цард нивондæн æрхæсдзæнæй, мах дæр æй уомæй бафæнздзинан…»

Сталингради тугъди 193-аг гвардион фестæг полкки тугъдонтæ размæ цудæнцæ капитан Билаони-фурти разамундæй. «Мах уæд нæ полк еци сæрустурæй худтан «Билаон», нæхе ба «билаононтæ». 1943 анзи сæрди Курски бунмæ игъустгонд тугъди майор Билаони-фурти гвардион полк конд æрцудæй, гитлеронти Белгородаг – Харьковаг къуар ка дæрæн кодта, еци сæйраг тухтæмæ. Цудæй, инæлар Жадови æфсад размæ Харьковæй цæгат-нигулæни æрдæмæ кæми рæмугъта, уони тæккæ разæй. Гвардионтæ байахæстонцæ знаги фиццаг траншейтæ, уæдта ин батудтонцæ æ гъæуайкæнуйнади еугур фæрæзнитæ дæр.

Размæмпурстæн хъæбæр хуарз æма нифсгун разамунд ке лæвардта, уой туххæй гвардий майор Билаони-фурт райста Сурх Турусай дуккаг орден.

Размæмпурсти рæстæги корпуси раззаг рæнгъи уогæй, гвардион полк сæребарæ кодта Украини галеу фарси гъæутæ, районтæ, архайдта Полтави тугъди, уæгъдæ кодта Кременчуг. 1943 анзи, Кременчуги бунмæ раззаг къуари хæццæ уогæй, полкки командир уæззау цæф фæцæй. 1944 анзи январи бабæй нæуæгæй æрбафтудæй фронтмæ, куд алкæд, уотæ бабæй æхе бæгъатæрæй равдиста Корсунь-Шевченкой операций. Ами советон æфсæдтæ æртухстæнцæ знаги дæс дивизибæл, еу бригадæ æма берæ аллихузи сæрмагонд æфсæддон хæйттæбæл. Гитлерон командæкæнуйнадæ æрбагæлста нæуæг тухтæ æма бавзурста е ’фсæдтæ къæппæгæй ракæнун. Майор Билаони-фурти 618-аг фестæг полк бунат байахæста Белая Церковьмæ хæстæг æма иннæ хæйтти хæццæ еумæ æрæхгæдта фашистти над. 4 феврали знаги фестæг æфсад 280 танки хæццæ размæ рампурста. Билаони-фурти полк, сæ еугур фæрæзнитæй дæр раст пайда кæнгæй æма нифсгунæй архайгæй хæстæгдæр не ’рбауагътонцæ, цæг æвæрд кæбæл адтæй, еци гитлеронти. Аци гвардионтæ фехалдтонцæ 28 танки, 11 минометти, 8 дзармадзани, рамардтонцæ 400 фашистон салдати æма афицери.

Полкки командирæн исаккаг кодтонцæ Сурх Турусай æртиккаг орден. 1944 анзи 24 мартъий æхсæви, загъд ес еци гæгъæдий, гвардий майор Билаони-фурти полк дивизий æма 40-аг æфсади тæккæ разæй бахизтæй цæугæдон Днестри сæрти Винниций облæсти Могилев – Подольски районы гъæу Липчаний рази æма байахæста гитлеронти ахсгиаг æнцайæн бунæттæ Васильевци, Кабельченци, Гвоздевци. Сутки дæргъи полкки тугъдонтæ не ’суæгъдæ кодтонцæ плацдарм Днестри рахес билæбæл. Атаки цæуæг знаги хæццæ карз тугъдтити ниййахæстонцæ знаги батальон – 400 адæймагей бæрцæ, уацари райстонцæ 150 салдати æма афицери, байстонцæ æртæ танки, фехалдтонцæ 60 автомашини тохæнæрмæги хæццæ, æрахæстонцæ 150 бæхи. 1944 анзи 19 апърели Билаонти Павели гæгъæдитæ æрвист æрцудæнцæ уæлдæр – Советон Цæдеси Бæгъатæри ном ин раттуни туххæй.

Билаони-фурти полк фиццæгти хæццæ бахизтæй цæугæдон Прути сæрти, архайдта игъустгонд Ясси-Кишиневаг операций, уæгъдæ кодта Трансильвани, еугурей разæй бацудæй венгриаг сахар Мишкольцмæ, уой туххæй полккæн равардтонцæ кадгин ном «Мишкольцаг», Уæлдæр командæгæнæг æ бардзурди 1944 анзи 3 декабри арфæ ракодта Мишкольц исуæгъдæ кæнуни тугъдтити архайæг æфсæдтæн. Еци уæлахези кадæн Мæскуй равардтонцæ артиллерион салют.

Билаони-фурти разамундæй гвардион полк хъазауатонæй, зæрдиуагæй архайдта Чехословакий Лучинец, Зволен, Бонскаштевница, Преводза, Брно, Готвальдов æма æндæр рауæнтæ исуæгъдæ кæнунбæл тугъдтити.

Тугъди фæсте, 1950 анзи Билаонти Павел каст фæцæй М.В. Фрунзей номбæл Тугъдон Академи, 1961 анзи ба – Генералон штаби Тугъдон академи, 1969 анзи – уоми Уæлдæр академион къурситæ. Командæ кодта дивизийæн, æфсадæн, адтæй Киеви æфсæддон округи командæгæнæги хуæдæййевæг.

1980 анзи 26 октябри мæйи инæлар-лейтенант Билаонти Павел отставки рацудæй. Æ цардæй рахецæн æй 28 майи 1996 анзи.


**БИЛАОНТИ Павел (астæуæй æфсæддон дарæси) Уæлахези Паради архайгути хæццæ 1984 анзи 9 Майи.**


**БИЛАОНТИ Павелæн æ рæстæги аккаггонд æрцудæй украинаг сахар Хотини (Хмельницкийи облæсти) Кадгин гражданини цитгин ном.**



**Циртдзæвæн БИЛАОНТИ Павелæн сахар Дигорай Кади Аллейи.**

***Джалалиддин РУМИ (1207-1273), номдзуд персайнаг поэт, ахургонд: «Цардмæ æнæфсес цибæли цæстæй ма кæсæ, хелаги рагъбæл дæр аййев нивæфтудтитæ ес, фал æ марг мæлæтхæссæг æй. Ракæсай зæнхи цъæстæмæ æма арви риндзæмæ… Рæстæгутæ уомæ гæсгæ фæйнæхуззон æнцæ: анзи ’рдæг зæнхæ ревæд фæууй, иннæ ’рдæги ба***


Хузæ ист æй социалон хизæгтæй.

# РАСТ НАДБÆЛ ЛÆУД ÆМЗУНД АДÆМИ РАЗИ ХОНХ ДÆР НЕЦИ ÆЙ!..

***Нæ дзубанди ба нæ райдайун фæндуй Уасгергий таурæхътæй еуемæй. Зундгонд куд æй, уотемæй нæ адæмон исфæлдистади медæггойни хъæбæр берæ аллихузон таурæхътæ ес Уасгергий туххæй. Уонæй кæцидæрти медесбæл лæмбунæг ку расагъæс кæнай, уæд си дæхецæн æнæмæнгæ иссердзæнæ зундæфтауæг гъуди. Мæнæ абони ци таурæхъ мухур кæнæн, уой дæр уомæн равзурстан, æма си ес, нæ абоникон царди хъæбæр ахсгиаг ка ’й, уæхæн фæдзæхстдзийнадæ. Циуавæр, уой туххæй ба зæгъдзинан, таурæхъ ку бакæсайтæ, уæд. Ка ’й зонуй, уæхуæдтæ дæр æй ниттергади кæндзинайтæ…***

## УАСГЕРГИ ИУАЗÆГУАТИ

Еу уаргæ бони сæумæрдæмæ Уасгерги уорс бæхбæл бадгæ сергæ-сергæ еу дзæбæх устур ирон гъæуи астæути урдугмæ æрцæйцудæй æма æхенимæри фæндæ кæнуй: «Æнæмæнгæ мин аци бон æнæ базонæн нæййес, мæгур лæгæй æма гъæздуг лæгæй кæрдзиндæттондæр ка ’й, уой».

Уæдмæ æ бæх фездахта еу гъæздуг лæги тургъи дуармæ æма уордигæй медæмæ еци-еу гъæр бакодта:

– Гъей, хæдзари хецау, иуазæг нæ уадзетæ уæхемæ?

Гъæздуг лæги хæдзарæй æндæмæ неке кæсуй. Уасгерги бабæй дуккаг хатт багъæр кодта.

– Гъей, хæдзари хецау, иуазæг нæ уадзетæ?

Æрæгиау гъæздуг лæг æхуæдæг рацудæй – мæтъæл, ронбæгъд, бæгъæнсарæй æма дзоруй:

– Ка дæ, ци кæнис, ци дæ гъæуй?

– Иуазæг нæ уадзетæ, иуазæг?

– Иуа-а-ззæг, рацо, гъæйдæ, фал нæмæ дæ бæхæн бунат нæ уодзæнæй.

– Гæрр, æма мадта нур мæ бæх ци фæккæнон?

– Ци дæ фæндуй, уой æй фæккæнæ, махмæ дæ бæхæн бунат нæййес…

Нур гъæздуг лæгбæл хуарз æрцæуидæ, Уасгерги уордигæй фæстæмæ ку раздæхидæ, уæд. Уасгерги уайтæккæ базудта гъæздуг лæги нæфæндондзийнадæ. Нецибал исдзурдта, фал æ бæх фæстæмæ еци рауæнæй фездахта æма бабæй гъæунги урдугмæ сергæ фæццæуй. Æ бæх ба еу мæгур лæги тургъи дуармæ фездахта æма бабæй еци-еу гъæр бакодта:

– Гъей, хæдзари хецау, иуазæг нæ уадзетæ?

Мæгур лæг æ хæдзарæй еци-еу гæпп ракодта æма исдзурдта:

– Иуазæг – Хуцауи иуазæг. Медæмæ нæмæ рацо æма æрхезæ дæ бæхæй.

Уасгерги æрхизтæй æ бæхæй.

Мæгур лæг ин æрбаста æ бæхи еу ставд кауи мехбæл, сæхуæдтæ бацудæнцæ хæдзарæмæ, æрбадтæнцæ дууемæй дæр фæрсæй-фæрстæмæ.

Мæгур лæги уосæ нартихуари кæрдзин, цæнхæ æма дон фингæбæл райвардта Уасгергий æма мæгур лæги размæ.

Уасгерги е ’хсаргард исласта æма ’й æрæвардта æ фарсмæ.

Мæгур лæг дæр æ хъæма исласта æма ’й æрæвардта æ фарсмæ.

Уасгерги райдæдта хуæрун. Куддæр хуæрд фæцæй, уотæ мæгур лæги цæсгонмæ мæстгун каст бакодта æма ’й фæрсуй:

– Зæгъай мин, дæ хъæма цæй туххæй исластай, уой?

– Нæ, фал гъæуама æз дæу бафæрсон: ду мæ хæдзари иуазæг уогæй, мæнæй раздæр дæ кард цæй туххæй исластай?

– Мадта æз дæ хæдзари мæ кард дæуæй раздæр уомæн исластон, æма дин æз дæ хæдзари цæттæй цидæриддæр æрбаййафтон, уомæй уæлдай куддæр хуæздæр хуæруйнæгтæ мæн туххæй агурдтайсæ, уотæ дин æз мæнæ мæ кардæй дæ бæрзæй рахаун кодтайнæ… Гъæйдæ, нур ду ба дæ хъæма цæй туххæй исластай, уой зæгъай?

– Мадта æз дæр мæ хъæма уой туххæй исластон, æма мин ду мæ хæдзари цæттæ цидæриддæр æрбайййафтай, уомæй уæлдай ма хуæздæр еститæ ку агурдтайсæ, уотæ дин æз мæнæ мæ кардæй дæ бæрзæй рахаун кодтайнæ.

Уасгергийæн æ цæсгон фæррохс æй мæгур лæги дзубандитæмæ æма игъæлдзæгæй мæгур лæги къох райста æма ин радзурдта:

– Табуафси, мæ фусун, табуафси, хъæбæр арфиагæй ди цæун! Гъæйдæ, нур хуæрзбон кæнетæ, мæ фусунтæ, фал ма уин еу-дууæ дзурди зæгъун. Гъæздуги цæстæй ка кæсуй æма уотемæй фæллад иуазæги æ тургъи дуарæй медæмæ ка нæ уадзуй, уонæн сæ цард бæлвурд фæмминкъийдæр уодзæнæй. Сумахæн ба уæ цардбæл абонæй фæстæмæ фондзинсæй хатти фулдæр бафтуйæд. Уотемæй, хуæрзбон кæнетæ, æз дæн Уасгерги!

Æма еци бонæй фæстæмæ гъæздуг лæг æма мæгур лæги цардбæл Уасгергий дзурд æрцудæй.

* * *

***Мæнæ ’й раздæр дæр ку загътан, гъома, уæхуæдтæ дæр æй, æвæдзи, ниттергади кодтайтæ аци таурæхъи фæдзæхстдзийнади хузи гъуди – адæймаги цард уомæй федауй, æма зæрдхæлар ку уа, тухст уавæри ка уа, уомæн фæййагъаз кæнун æ бон ку уа, уæд уомæй æхе ку нæ еуварс кæна, характ куд уа…***

***Уобæл дзоргæ бæргæ кæнæн – сауæнгæ нæ рагфидтæлтæй ба абони уæнгæ, фал… Уомæн æрхæсдзинан еу дæнцæн. Не ’мзæнхон номдзуд паддзахадон архайæг æма финсæг Цæликкати Ахмæт (1882-1928) ниффинста æ рæстæги игъустгонд роман «Æнсувæр æнсувæри нихмæ рацудæй» («Брат на брата»). Раст зæгъгæй, æвдист си цæунцæ, Уæрæсе евгъуд æноси райдайæни революцион æма æндæр æзмæнстити азари ку бафтудæй, уæди рæстæги хабæрттæ æма цаутæ. Уонæй ервæзт нæ фæцæнцæ Иристони дзиллæ дæр. Æма уой фæдбæл Цæликки-фурт ци гъудитæ зæгъуй, етæ, махмæ гæсгæ, сагъæссаг нин æнцæ абони дæр. Е уæлдай бæлвурддæр æй романи кæронбæттæни, кæций мухур кæнæн абони.***




## ÆНСУВÆР ÆНСУВÆРÆН ИСÆЗНАГ УЙ

Адæми цæмæй балæдæрай, уой туххæй син сæ уодигъæдæ базонун гъæуй. Æма, цума, циуавæр æй мæ ирон адæми уодигъæдæ? Лæги зæрдæмæ ка никкæсдзæнæй æма ин æ сосæг гъудитæ ка базондзæнæй? Неке. Адæмтæ кæрæдземæй хецæн кæнунцæ сæ уодигъæди менеугутæй. Æма еци менеугутæй сæйрагдæр кæци æй? Мæнмæ гæсгæ, ирон адæм æнцæ кадæбæл мард. Ходуйнагæй хъæбæрдæр нецæмæй тæрсуй ирон лæг. Æ лæгъуз миутæ ку рагъæр уонцæ, уæд æ ходуйнаги кой райгъусдзæнæй. Лæгъуз миуæбæл имæ фæсмон некæд æрцæудзæнæй, æ зæрдæмæ ’й нæ бахæсдзæнæй. Лæгъуз миуæ ка бакæна, уомæй фæззæгъунцæ, цæсгон ибæл нæййес. Гъома, æ цæсгон нецæмæй фæссурх уодзæнæй. Æма е æй тæккæ фулдæр уайдзæф. Адæм си ци зæгъдзæнæнцæ, уомæй хъæбæрдæр нецæбæл сагъæс кæнуй ирон лæг. Уомæ гæсгæ ’й хонун кадæбæл мард.

Цийфæнди гъæздуг уосгор дæр æздон муггагæй ку нæ уа, уæд ин цийфæнди мæгур ездон дæр æ кизги нæ ратдзæнæй. Сау муггаг ба тундзунцæ киндзæ цийфæндийæй дæр ездон муггагæй ракорунмæ. Цæйбæрцæфæнди ирæд бафедунмæ дæр цæттæ ’нцæ. Уæд ма кадæбæл мард ба ци фæууй?

Ирон лæг галуæрдунæй фæццæуй гъæди астæу. Абæргутæ имæ топпæргъæвдæй рагæппитæ кодтонцæ. Æ бон æй галтæ ниуудзун æма æ сæр бафснайун. Куд нæ! Æ сæр бафснайуни бæсти сæ хæццæ истухтæй. Гъома, бæгъатæр æй кенæ имæ æ галтæ æвгъау кæсунцæ, уой туххæй нæ, фал тæрсуй: æ галтæ ин ку байсонцæ, уæд æ ходуйнаг райгъусдзæнæй. Уой бæсти абæргути хæццæ тугъди мæлæт иссеруй.

Ирон лæг æцæгæлон адæймаги æ хæдзарæмæ æрбахонуй æма ’й хуарз фæххинцуй. Æнгъæлетæ, стонги бафсадуни туххæй? Нæ, æ гъуди бустæги æндæр æй – кæддæр æма кæмидæр æй иуазæг растаудзæнæй: Тотраз кенæ Сосланбеги хæдзари мæ ци дзæбæх фæххинцтонцæ. Кадæбæл мард фусун.

Тугъди будури ирон лæгæн е ’мбæлттæ размæ ку ’мпурсонцæ, уæд æй нæ бафæндзæнæй кæмидæр фæскъилдуни бæхтæрæгæй байзайун. Цийфæнди тæрсагæй дæр тугъди будурмæ тундзуй: «Æз иннетæй æгудзæгдæр дæн? Æхе баримахста гъæуама зæгъа мæнæй еске? Ходуйнаг.

Ирон лæг æ фæстаг стори равгæрдуй хистæн æма гæвзуккæй байзайуй. Мадта! Адæм уотæ ку зæгъонцæ: «Æ мæрдтæ ци бахуæронцæ, е син нæййес». Ходуйнаг.

Ирон лæг æз цигъдæр дзубанди зæгъунбæл æхе гъаруй æ кой райгъусуни туххæй… Еу иннемæн дзоруй:

– Æ хæдзарæ фехæла, Хаби ци загъта, уой нæ фегъустай?

– Ци? – цæмæдесæй æ цæститæ исæрттивтонцæ Болайæн.

– Хаби иуазæги бахудта зулундзаст Габомæ. Иуазгутæн цай æрæвардта Габо, сæкæр син рахаста. Минкъийдæр си куд бахуæронцæ, уотæ ’й листæг къæрттитæ никкодта. Хаби æ агувзи еу къæртт ниггæлста, дуккаг, æртиккаг, цуппæрæймаг, фæндзæймаг. Габо имæ кастæй, æма æхе нæбал бауорæдта:

– Хуцауи туххæй, зæгъай, Хаби, еу цирти цал марди æвæрд фæууй?

– Мард циуавæр уа, уомæй аразгæ ’й, нæ хуарз фусун. Исæвгун ку уа, уæд еу, фуцъулуз ку уа, уæдта цалдæр, – дзуапп равардта Хаби.

– Уотæ ма дин еске зæгъа!

Æма Хабийи кой гъæуæйгъæумæ райгъустæй. Æхецæй куд нæ ниббоз æй.

Ходуйнаг хатир некæмæн зонуй.

Алæмæти искурдиадæгин уруссаг балхон, генералиссимус Александр Василийи фурт Суворови райгурдбæл 24 ноябри æнхæст кæнуй 295 анзи (1729-1800, еуети нимадмæ гæсгæ ба райгурдæй 1730 анзи).

*деденæг фæккалуй. Рæстæг дæр уотæ раййевæ-баййевæ кæнуй: æ еу æмбес – бон, æ иннæ ба – æхсæвæ...Цубур дзурдæй, æнæгъæнæ дуйней уавæр дæр уæхæн æй: уæд стонг фæууй, уæд – бæркадгин, уæд – тугъд, уæд – сабур рæстæг. Дун-дуйне еци дууæ базури фæрци тæхуй тъума-тъумати...»*

Еу хуæнхаг гъæуи адтæй гъазтизæр. Кафгæ-кафун Пецой комбæлбос раскъудæй æма æ хæлаф æрхаудтæй. Ходуйнаг! Еци бонæй фæстæмæ Пецой цард цард нæбал æй. Адæми ’хсæн кæми фæззинна, уоми еске æнæмæнгæ зæгъдзæнæй:

– Æллæх, æллæх, Пецо, дæ хæлаф…

Пецой хæлафи хабар æнæгъæнæ комбæсти райгъустæй. Пецойæн æндæр гъæумæ рандæуæн нæбал ес, уомæн æма фегъосдзæнæй:

– Æллæх, Пецо…

Дæс æма инсæй анзи рацудæй уæдæй ардæмæ, фал Пецойæн адæми ’хсæнмæ рацæуæн нæййес: «Æллæх, Пецо…»

Еу джимиаг кæддæр дзамани сауæдони фæммизта. Уæдæй нурмæ джимиаги ку бафæрсай: «Кæцæй дæ?», уæд дин «Джимийæй» некæд зæгъдзæнæй, уомæн æма ин бафедис кæндзæнæнцæ: «А, мæнæ сауæдони ка фæммизта, уонæй дæ?»

Ходуйнаг адæми царди медæгæ агъазиау хотух æй, æцæг хотух кæцирдæмæ аразгæ ’й, уой зонун гъæуй. Æма еци ихæс интеллигенцимæ хауй æма син уомæй ахсгиагдæр куст нæййес. Ходуйнаг кудфæстæдæр, уотæ исæфун райдæдта ирон адæми ’хсæн. Уруссаг революци ходуйнаг æма æфсæрми нæ лæдæруй, фудæзнæгтæбæл сæ нимайуй, уотемæй ба етæ гъæуама æ ахсгиагдæр цæгиндзитæ уонцæ. Мадта ци киндæуа? Нæ ’й зонун…

Мæ сагъæстæ æма гурусхитæ Мæхæмæтмæ ниффинстон, æма мин уайтæкки дæр дзуапп равардта: «Дæ гъудитæ мæмæ раст æма зундгин кæсунцæ. Амæй размæ ирон адæймаги цард райдайæнæй кæронмæ ходуйнагбæл æнцадæй. Фал революций фудæй исæфун райдæдта ходуйнаг, зæгъгæ, дæ еци гъудий хæццæ арази нæ дæн. Ходуйнаг революций размæ фæккъех æй…»

Фæззигон уаруни æртæхтæ тæдзунцæ хæдзари сæрæй. Стъоли уæлгъос цирагъи фарсмæ бадун. Донхæлæмулæ фæтæгени рохс æй нидæн æма борбун. Уати къуми Дзиги ниллæг къелабæл бадуй æма сæрак æууæрдуй, зæнгæйттæ искæнуйнаг мин æй…

Мæхæмæт дзоруй революций сæрбæл. Ходуйнаг, дан, революций фудæй нæ фесавдæй. Ду, дан, æгæр уæлæнгай цæстæй кæсис цардмæ. Алцидæр хæдзаради системæй аразгæ ’й. Ирон адæм патриархалон цардæй капиталистон цардæвæрдмæ нæма рахизтæнцæ, уотемæй сæ æрæййафта капитализми уадтумугъ. Дæс æма инсæй анзей размæ дæр ма сæ цард арæзт адтæй айдагъ æгъдаумæ гæсгæ. Æгъдау амудта адæймаги алли къахдзæф дæр авдæнæй цирти уæнгæ. Фал хуæнхаг гъæумæ уруссаг сахари тæвагæ ку бахъæрттæй, уæд æгъдау цардæй фæстеггæй изæйун байдæдта. Æма ходуйнаг дæр уæд райдæдта исæфун.

Мæхæмæт дзæвгарæ финсуй экономики æма æгъдауи бастдзийнади туххæй…



ДЗАНАЙТИ Азанбеги конд хузæ «Рагон хуæнхаг зар». Ист æй социалон хизæгтæй.

А-гъа, мæнæ Кавкази цитæ цæуй, уонæмæ дæр æрхъæрттæй. Куд финсуй, уотемæй инæлар Деникини æфсад Кубанæй æрбампурсуй, сурх æфсади æ гъæлæси рахаста. Æ турусабæл финст ес «Великая, единая, неделимая Россия». Кумæдæриддæр бахъæртуй, уоми нæуæгæй исæвæруй паддзахи дзамани æгъдæуттæ. Гъæуи кенæ сахари сæйраг фæзи исаразунцæ ауиндзæн æма бафæрсунцæ: «Коммунисттæ æма уæмæ комиссартæ ес?» Коммунистти фæйнæгбæл дæлгоммæ æрæвæрунцæ æма ин е ’рбадæнтæ сампалæй фæннæмунцæ, комиссари ба æрауиндзунцæ. Уой фæсте адæмæн сæ мулк байсунцæ, фæсевæди ба æнæбари æфсадмæ ракæнунцæ. Хецаудзийнадæ сæ къохтæмæ райсунцæ æфсæддонтæ, жандармтæ æма пъæлицæйæгтæ.

Идарддæр Мæхæмæт финсуй Уæрæсей еумæйаг политикон уавæри туххæй. Мах æ хæццæ бабæттун ба бустæги æнæсæр гъуддаг разиндзæнæй. Ци нин æрхастонцæ большевиктæ? Кæрæдзей хурфити рауадан æма нæмæ керменисттæ фæззиндтæй. Ка ’нцæ керменисттæ? Пролетартæ дæр ма ку уайуонцæ, фал люмпен-пролетартæ: æнæхæдзæрттæ, стъегъгутæ, разамунд ба син дæттунцæ аллихузон фæливд, уæдта дууæ-æртæ æвзонг студенти: сæхецæй политикон архайгутæ райаразунмæ исцибæл æнцæ. Адæми тог парахаттæй кæлуй. Дигори керменистти ку бафарстонцæ, баделиати нихмæ карз тох цæй фудæй исамадтайдæ, зæгъгæ, уæд сæ бон бацæй айдагъдæр еунæг дзуапп раттун – цæмæннæ, дан, нæбæл æнвæрсунцæ æма нин сæ кизгутти киндзи цæмæннæ дæттунцæ…

Хуæнхæгтæ æма коммунистон идеологи кард æма фидæй уæлдай нæ ’нцæ, сæ байеу кæнуни гъуди айдагъ æдулий сæри исæвзурдайдæ. Æма еци дзамани историон материализм ахур кодтан æма зонæн: æууæлтæ ку нæма исæвзуронцæ, уотемæй ку райса пролетариат хецаудзийнадæ, уæд додойаг æ сæр æй. Додойаг разиндтæнцæ уруссаг адæм. Уæрæсе дууæ дехи фæцæй – сурхитæбæл æма уорситæбæл. Нуртæккæ уорситæ хуайунцæ сурхити, ка ’й зонуй, сауæнгæ сæ Мæскуй уæнгæ фæттæронцæ. Уæдта бабæй гæнæн ес, æма сурхитæ сæ гъæлæси рахæссонцæ уорсити. Еци тох кæдмæ цæудзæнæй, уомæн ка ци зонуй? Урус фондзинсæй миллиони ’нцæ. Дæс миллиони си ку фæгъгъæуа, уæддæр ма дæс æма цуппаринсæй миллиони байзайдзæнæнцæ. Махæй ба мин ку фæгъгъæуа, уæддæр нæбæл хъæбæр фæззиндзæнæй. Нæдæр уорситæ, нæдæр сурхитæ хуарзæй неци æрхæсдзæнæнцæ махæн. Уорсити хæццæ нæ гъуддаг нæ рацæудзæнæй – хуæнхаг адæмтæн цагъарæй æндæр неци æрхæсдзæнæй. Мадта нæ карнæ большевикти сæргъæн гъуди куд тагъддæр рагæлдзæн, уотæ хуæздæр уодзæнæй. Уотæ нæй?

Мæхæмæти гъудимæ гæсгæ гъæуама нæхуæдтæ нæхебæл басагъæс кæнæн æма Кавкази уруси экономикон, политикон æма моралон дзæмбутæй ратонæн. Кавкази адæмти бæллецтæ æмхузон ке ’нцæ, уомæ гæсгæ цæугæ дæр гъæуама еумæйаг надбæл кæнонцæ… Мæхæмæт мæ æ хæццæ хонуй Гурдзимæ, уæдта Дагестанмæ. Мæ хъауритæбæл æ зæрдæ даруй, райгурæн бæстæ ке уарзун, уой зонуй. Раст зæгъун гъæуй, мæ политикон зундирахаст ин лæдæрдгонд нæй… Æвæстеуатæй дзуапмæ æнгъæлмæ кæсуй. Гурдзимæ куд гæнæн ес, уотæ тагъддæр цæугæ ’й. Æнæмæнгæ зæгъун гъæуй Фæскавкази политикон уавæр…

– Дзиги, ардæмæ рацæуай.

Уайтæкки мæ рази ’рбалæудтæй. Æ цъæх-цъæхид цæститæй мæмæ никкастæй:

– Ци зæгъис, мæ хор?

– Мæ фарсмæ ’рбадæ. Æма дин ци зæгъон, уомæ байгъосæ. Дзиги мæ дæлфæдтæмæ ниллæг къелабæл æхе æруагъта, æ сæр мæ уæргутæбæл æрæвардта, мæ дууæ цæстемæ кæсуй. Æз ба гъуди кæнун: нуртæккæ мæ дзубандитæ циргъ судзийни хузæн нихæсдзæнæнцæ æ зæрди, æ цæстисугтæ ’ркæлдзæнæнцæ.

– Дзиги, мæ минкъий хуæрæ… – æ лигъз фаст сæр ин мæ армитъæпæнæй рæвдаугæ æрсæрфтон. – Хуарз хабар дин нæ зæгъдзæнæн, Дзиги.

– Ма мин дзорæ лæгъуз хабæрттæ… Фагæй фулдæр адтæнцæ нæ уæззау хабæрттæ.

– Мадта, ду куд æнгъæлис, уæхæн уæззау хабар нæй. Ардигæй мин цæугæ ’й.

– Цитæ дзорис?! – фесхъиудтæй Дзиги.

Цума нуртæккæ ку исистон æма рандæуон, уомæй мин фæттарстæй, уой хузæн æ дууæ къохемæй мæ хъурбæл ниттухстæй.

– Кумæ исфæндæ кодтай?

– Нæуæгæй бабæй тохунмæ? Нæ дæ рауадздзæнæн. – Никки хъæбæрдæр мæбæл ниттухстæй. – Дæуæй æндæр неке ес мæнæн. Некумæ дæ рауадздзæнæн. Ме ’нсувæрæй æнæхай цæмæн гъæуама фæууон?

Æ цæстисугтæ ’ркалдæнцæ.

– Нæ, Дзиги, æнæмæтæ уо: тохунмæ нæбал цæун. Адæймаги марунæй илгъагдæр гъуддаг неци ес. Раст зæгъун гъæуй, еу хатт æнæбон цæф адæймаги дæр рамардтон, фал æй æгириддæр мæ зæрдæмæ нæ хæссун. Нæ, тохун мæ нæ фæндуй. Цæмæ бæллун, уой зонис? Куд дин æй балæдæрун кæнон? Сæребарæмæ бæллун нæ хуæнхбæстæн... Сæребарæмæ! Зæрди фæндон цæруни фадуат нин куд уа, уотæ... Нæ мæ балæдæрдзæнæ, Дзиги...

Дзиги мæтъæлæй ниссабур æй, æ сæр бабæй нæуæгæй æрæвардта мæ уæргутæбæл.

– Дæ рунтæ дин бахуæрон, мæ хор, – зæгъуй зæронд уоси хузæн. – Сæйгæ нæ дæ, миййаг?

– Сæйгæ дæн, мадта ци дæн, Дзиги. Мæ незæн хуасæ дæр мæхуæдæг зонун.

– Зæгъай æй, циуавæр хуасæ ’й? Æз нуртæккæ Осмæни сахармæ рарветдзæнæн, æма ’й балхæндзæнæй.

– Циуавæр хуасæ ’й, зæгъис? Сæребарæ, мæ къона Дзиги. Уомæй ахсгиагдæр неци ес царди.

– Сæребарæ... Сæребарæ... Æма сæребарæ нæ дæ?

– Нæ дæн, мæ къона, нæ дæн.

Дзиги нецибал дзоруй. Гъудити ке ранигъулдæй, е æ цæсгонбæл бæрæг æй. Цæйбæрцæдæр рæстæги фæсте æ медбилти бахудтæй.

– Ци рагъуди кодтон, уой дин ку зæгъон, уæд мæмæ не ’смæстгун уодзæнæ?

– Ескæд дæр ма дæумæ исмæстгунгæнæн ес, Дзиги? Зæгъæ ’й, ци æй?

– Дæ незæн æз дæхецæй хуæздæр хуасæ зонун.

– Циуавæр æй?

– Бустæги хумæтæг хуасæ... – фæссабур æй, уæдта æхе фæгъгъæддух кодта. – Уосæ ракорæ.

Мæ къохмæ февналдта æма си къæйнихи туххæй хатир корæгау æ рос цалдæр хатти æрсæрфта.

Ходæг мæбæл бахуæстæй.

– Уосæ, дан, æрхæссæ... Ха-ха-ха... Уæллæй хъæбæр æй загътай, Дзиги! Ха-ха-ха... – Уæдта мæ цæсгон фæммæстгунхуз кодтон.

– Уомæн æгæр базæронд дæн, Дзиги.

– Гъо, куд нæ! Нур ма хъæбæр æригон дæ. Уæртæ Ахболатæн æ сæр ку исуорс æй, уотемæй уосæ æрæги ку ракурдта.

– Æнзтæ неци давунцæ, Дзиги, адæймаг зæрдæй æригон ку уа, уæд. Цæй, етæ хуарз, мæ минкъий хуæрæ, фал мæн цæун гъæуй. Бæргæ мæ нæ фæндуй, фал æндæр гæнæн нæййес. Ду нанамæ рандæ уодзæнæ хонхмæ. Сау даруни рæстæг райевгъуйдзæнæй уæдмæ, уæдта...

– Уæдта ци?

– Уæдта бабæй киндзæхсæвæр.

Дзигий цæсгон барохс æй, къелайæй фестадæй.

– Ке киндзæхсæвæр?

– Дæу, æндæр ке.

– Мæн? – æ гъостæбæл нæ бауæндуни хузæн имæ никкастæй Дзиги. Уæдта къохмæрзæн фелваста, æ цæсгон си рамбарзта æма богъ-богъæй никкудтæй, æ бауæр æнæгъæнæй дæр фестъæлф-фестъæлф кæнуй. Фестадтæн æма Дзигий мæ гъæбеси ’рбакодтон, зæрдитæ ин æвæрун:

– Ци кодтай? Ма ко, Дзиги, бафхуардтон дæ, æма мин ниххатир кæнæ. Гириз кодтон.

Дзиги кæугæ-кæун исдзурдта:

– Нæ мæ уарзис æгириддæр... Гъо, гъо, æгириддæр... Нана, фæххæссæ мæ дæхемæ... Цæмæн мæ ниууагътай?..

– Дзиги, басабур уо – гиризгæнгæй загътон...

***Уодзæнæй ма***

Цæгат Полюс номдзуд басгарæг, Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр, контр-адмирал Иван Дмитрийи фурт Папанини райгурдбæл 26 ноябри æнхæст кæнуй дæс æма æхсæзинсæй анзи (1894-1986).

– Я четыре раза был женат и теперь знаю, чего женщинам нужно.
– И чего?
– Мужика хорошего.

– Как вы с мужем отдыхаете, вместе или раздельно?
– В позапрошлом году раздельно ездили.
– А в прошлом?
– Он с тех пор еще не вернулся.

* * *

На работе.
– Светка, что это у тебя на лице? Фингал?
– Ага. Муж поставил.
– Муж? Я думала, он в командировке.
– Думала ты. А я уверена была!

## ДÆ МЕДНИМÆР ЦИ ДЗОРИС, УОМÆН ДУ ДÆ ТÆРХОНГÆНÆГ; ÆРГОМÆЙ ЦИ ЗÆГЪИС, УОМÆН БА – АДÆМ!..



# ДÆХЕ БÆХБÆЛ КУ БАДАЙ...

*Нæ рагфидтæлтæй нин байзадæй мæнæ ауæхæн загъд: «Дæхе бæхбæл ку бадай, уæд дæ алкедæр бафæсмæрдзæнæй...» Е цæйбæрцæбæл раст æй, уойбæрцæбæл раст æй е дæр, æма адæймаг æхуæдæг æхе дæр фæсмæра: ци æй æма циуавæр æй. Уой базонунæн ба уин, æвæдзи, фæййагъаз уодзæнæнцæ, мæнæ дæлдæр ци фарстатæ мухур кæнæн, етæ дæр.*

**1.** Кафе кенæ ресторанмæ бацæугæй дæ бафæнддзæнæй, кадæр ци фингæбæл бадуй, уой фарсмæ ’рбадун?
а) Нæ. б) Гъо.

**2.** Дæхецæн нæуæг зонгитæ кæнунмæ тулаваст дæ?
а) Нæ. б) Гъо.

**3.** Уотæ дæр фæууй, æма æхсæвæ дæ хуссæнæй фестис, ке исæстонг дæ, уомæ гæсгæ?
а) Гъо. б) Нæ.

**4.** Ести уæлдай дин æй, театри кенæ концертон зали ци рауæн бадай, уомæй?
а) Гъо. б) Нæ.

**5.** Дæ хæдонæ кенæ дæ æндæр уæледарæси цæппæр ку ратундæуй, уæд хъæбæр батухсис?
а) Гъо. б) Нæ.

**6.** Уотæ дæр рауайуй, æма, гъæунгмæ рацæугæй, сагъæсти бафтуйис, туй, газ рафтудтай, кенæ ба ма ди æндæр цидæртæ феронх æнцæ, уой фæдбæл?
а) Гъо. б) Нæ.

**7.** Æнай-æнойти дæ телефон ку низзæлланг кæнуй, уæд ахид фесхъеуис?
а) Гъо. б) Нæ.

**8.** Ахид фæууй уотæ, æма кустæй кæд уоййасæбæл не ’сфæлмæцис, уæддæр дæхе хъæбæр фæлладхузæй фæттергади кæнис?
а) Гъо. б) Нæ.

**9.** Ести гъуддаги фæдбæл унаффæ тагъд рахæссис?
а) Нæ. б) Гъо.

**10.** Дæ цардиуаги гъуддæгути дин сæйрагдæр е фæууй, æма дæмæ иннетæ цæмæ æнгъæлмæ кæсунцæ, е?
а) Гъо. б) Нæ.

**11.** Дæхецæй арази ахид нæ фæууис, уæдта дæхецæн маст кæнун байдайис, уомæн æгириддæр ку неци рæуагæ уа, уæддæр?
а) Гъо. б) Нæ.

**12.** Дæ хæццæ рагацау нæ бадзубанди кæнгæй дæмæ ци иуазгутæ ’рбацæуа, уони фæууиндæ дин æхцæуæн уодзæнæй?
а) Нæ. б). Гъо.

**13.** Ахид фæууй уотæ дæр, æма дæ неке уинун фæндуй, хебарæ фæуунмæ фæббæлллис?
а) Гъо. б) Нæ.

**14.** Ахид бадарис дæ зæрдæбæл дæ фунтæ?
а) Нæ. б) Гъо.

**15.** Уотæ дæр фæууй, æма ци балций фæццæун гъавтай, уоми дæ фæццæун нæбал бафæндадтæй?
а) Гъо. б) Нæ.

* * *

**Кæд æма дзуаппæн «а» равзурстай, уæд дæхецæн банимайæ 1 балл, кæд æма «б» уæдта – 0. Æма баллти бæрцæмæ гæсгæ ба хатдзæгтæ уодзæнæнцæ:**

**15-13 балли.** Дæ кемæнтæн, æвæдзи, нæ дæттис райрæзуни равгитæ, тæрсгæ дæр кæнис дæ «барикконау» гъудитæй. Дæхе къуммæ ма кæнæ!.. Дæ тасдзийнадтæбæл уæлахез кæнунмæ тундзæ, æма уæд цардиуагæ дæр уодзæнæй зингæ цæмæдесагдæр æма ирддæр!..

**12-9 балли.** Дæхебæл дæ зæрдæ дарис, зæгъгæ, ди зæгъæн нæййес. Уой фудæй ба, æвæдзи, дæ хъаурити æмбæрцæ архайунгъон нæ разиннис хаттæй-хатт. Дæ хабæрттæмæ лæмбунæг æркæсун ма зийнадæ кæнæ, æндиуддæр уо æма дæ гъуди кæд растбæл нимайис, уæд æ сæрбæл нифсгундæрæй дзорæ. Ци уа, е уæд, зæгъгæ, зундирахастбæл хуæст ма уо…

**8-5 балли.** Е уой æвдесæн æй, æма дæ федар удигъæди адæймаг. Фал уой хæццæ ба æлхъивдгомау дæ æма æхсæнадон цæстингасæй тæрсгæгомау дæр кæнис.

**4-1 балли.** Уотæ дæр уæн ес, æма рæузунд миутæ æстæн ракæнис, уомæ гæсгæ ба, куд фæззæгъунцæ, федар лæууис дæ къæхтæбæл. Кæд æма хаттæй-хатт æнæнифсхаст фæууис, уæддæр е дин аййепдзийнадæ нæй, фал æй дæ зундирахасти тасагæдзийнади æвдесæн.

**0 балли.** Дæхе уоййасæбæл хуæдæнвæрсонæй равдистай, æма уотæ зиннуй, цума бустæги æргомзæрдæй нæ ’нцæ дæ дзуæппитæ. Уомæ гæсгæ ба æримисуйнаг æй недзамайнаг загъд: «Хебæл æгæр æнвæрсун исуй устур бæлæхти лазæ…» Расагъæс кæнæ, æма бавзарæ фарстатæбæл нæуæгæй дзуæппитæ раттунбæл.

## УОГÆ БА ЛÆГ БОНÆН ЦИ ДЕССАГ НÆ ФЕГЪОСУЙ!..

Адæймаги æстгутæй тæккæ федардæр æй агъди фæттасæни æстæг, ахургæндти дзубандимæ гæсгæ, е æй тæккæ гъæддухдæр арæзтадон æрмæг – бетонæй дæр федардæр.

* * *

**Шахмæттæ æма шашкити хæццæ еумæ гъазт хунуй шашмæттæй гъазт. Равзурдæй æма уæлдай парахатдæр æй Америки Еугонд Штатти.**

* * *

Кизгæ кенæ биццеуи хæццæ базонгæ унæ бийнонтæ искæнуни номбæл, зæгъгæ, игъосункæнуйнаг дзиллон хабархæссæг аллихузон фæрæзнитæмæ ка раттуй, еци адæмæн сæ дууинсæй процентæ бинонгинтæ фæуунцæ.

* * *



**Цæгатаг уорс æрситæн ес морахуз цар, æнæуой ба имæ адæймаг ку ’ркæсуй, уæд æй донхуз.**

* * *

Сæрмагонд кæсæнцæститæ дæбæл ку нæ уа, уæд уотемæй еци-еу рæстæг фæууинæн нæййес хор дæр æма арвирдунæ дæр.

* * *

**Ахургæндтæ куд зæгъунцæ, уотемæй миститæ цихтæй уæлдай уарзунцæ æндæр хуайрæгтæ дæр.**

* * *

Страуси айкæ, цæмæй ракъудурвунх уа, уой тухæй æй гъæуй дууæ сахатти уæларт бадарун.

* * *

**Фæдтъасхæгæнæг куйти кæрæдземæй хецæн кæнунцæ сæ фийти нивæфтудæй.**

* * *

Адæймаги бауæри ци тогдадзинттæ ес, уони еумæйаг дæргъæ ’й мин километремæ хæстæг.

## РАСАГЪÆС КÆНАЙТÆ!..



Фарстатæн се ’мбесæй фулдæребæл раст дзуæппитæ ку раттай, уæд е уой æвдесæн æй, æма дæ зундиндзийнадæ цæйбæрцæбæл бæрзонддæр æй.

**1. Ка ’й зонуй, рæстæгæй-рæстæгмæ дæ фæппайда кæнетæ номдзуд адæймæгути зундгин зæгъдтитæй. Фал си кæций ка загъта, уой ба алкæд фæззонетæ? Зæгъæн, ка си загъта мæнæ аци загъд: «Кæд дæ фæндуй бæрзæндтæмæ исхезун, уæд пайда кæнæ дæхе къæхтæй. Дæ сæрмæ ’й ма хæссæ, цæмæй дæ еске хæсса, еске усхъитæ æма сæрбæл ма исбадæ…»**
а) Фридрих Ницше. б) Артур Шопенгауэр. в) Шарль Талейран.

**2. Цæмæй æстъалу эмблеми хузи федаргонд æрцæуа Сурх Æфсади медæгæ, еци гъудибæл е ’ргъудигæнæг Лев Троцкийи ка исцебæл кодта?**
а) сатанисттæ. б) эсперантисттæ. в) геральдисттæ.

**3. Противогаз ци ’й, уой ни ка нæ зонуй. Фал уой ба зонетæ, тæккæ æууæнккагдæр противогаз ка æргъуди кодта мæнæ аци ахургæндтæй?**
а) америкаг æргъудигæнæг. б) уруссаг химик Николай Зелинский. в) немуцаг химик Фридрих Велер.

**4. Номдзуд уруссаг поэт Александр Пушкин æма æ цардæмбал Наталья Гончаровай бийнонтæ абони, æвæдзи, нимад адтайуонцæ берæсувæллонгинбæл. Уой уомæ гæсгæ зæгъæн, æма син сувæллæнттæ адтæй:**
а) цуппар. б) фондз. в) æхсæз.

**5. Зæнхæй нæ фæццох угæй, хуæдтолги уайуни тагъддзийнадæ тæккæ-тæккæ фулдæр цæйбæрцæ ’й?**
а) 947 километри сахатмæ. б) 1056 километри сахатмæ. в) 1228 километри сахатмæ.

**6. Тæхгæ цъеутæй кæцимæн æ тæхуни тагъддзийнадæ тæккæтæккæ фулдæр æй?**
а) сапсанæн. б) цъæхсæр альбатросæн. в) дордзæргæсæн.

**7. Уæрæсей Граждайнаг тугъди æнзти тæккæ тасæфтауæгдæр тохæнгарзбæл нимад адтæй пулеметæй æхсæн тачанкæ. Гъуди ба ’й ка æркодта?**
а) Донаг хъазахъаг Федор Нефедов. б) анархист Нестор Махно. в) тохæнгарзаразæг Владимир Федоров.

**8. Номдзуд бæлццон Колумб Америкæмæ æ фиццаг экспедиций цал науей хæццæ рабалци кодта:**
а) дууæ. б) æртæ. в) фондз.

**Нур ба уин игъосун кæнæн раст дзуæппитæ нæ газети 43-аг номери мухургонд фарстатæбæл.**

1.Бернард Шоу. 2. Лев Кассиль. 3.Сальвадор Дали. 4. Герберт Уэллс.

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет. 362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службы Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 2542**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 22.11.2024.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 22.11.2024.

Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций арازийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.
Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не ’рветæн.
Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.